

BAB III

MÉTODEU PANALUNGTIKAN

3.1 Métođu Panalungtikan

Ieu panalungtikan kaasup kana panalungtikan kualitatif. Nurutkeun Bogdan jeung Taylor dina (Moleong, 2010, kc. 4), panalungtikan kualitatif nya éta prosedur panalungtikan nu ngahasilkeun data déskriptif nu mangrupa kekecapan tinulis atawa lisan ti jalma-jalma jeung paripolahna nu bisa ditalungtik.

Sangkan ngahasilkeun panalungtikan nu hadé, tangtuna waé kudu dirojong ku métodeu-métodeu anu luyu jeung panalungtikan anu baris dilaksanakeun. Métođu panalungtikan dihartikeun salaku cara ilmiah pikeun nimukeun data nu miboga tujuan sarta guna nu tangtu (Sugiyono, 2012, kc. 3). Sedengkeun numutkeun Fathoni (2011, kc. 99) métodeu panalungtikan ilmiah nya éta cara anu dipaké dina hiji panalungtikan. Tegesna, métodeu panalungtikan nya éta cara anu dipaké ku panalungtik dina ngaguar data pikeun nimukeun informasi ngeunaan data anu ditalungtikna.

Métodeu nu digunakeun dina ieu panalungtikan, nya éta métodeu déskriptif. Métođu déskriptif mangrupa cara pikeun nimukeun data jeung informasi nu bisa langsung karasa ku panca indra nalika panalungtikan lumangsung. Ieu métodeu miboga tujuan pikeun méré gambaran sacara sistematis, faktual, jeung akurat ngeunaan fakta-fakta sarta sipat-sipat populasi nu aya patalina jeung kagiatan panalungtikan (Suyatna, 2002, kc. 14). Numutkeun Sudjana (2011, kc. 52), métodeu déskriptif téh ngawengku sababaraha téknik di jerona, nya éta studi kasus, survey, studi pengembangan, studi korelasi. Metode panalungtikan deskriptif bisa ngadéskripsikeun hiji variabel atawa leuwih dina hiji panalungtikan.

3.2 Desain Panalungtikan


Dina lumangsungna hiji panalungtikan, tangtu panalungtik kudu nataharkeun sagala rupana sangkan panalungtikan lumangsung kalayan lancar,


sarta kahontal tujuanna. Ku kituna, diperlukeun hiji desain sangkan panalungtikan nu dilaksanakeun lumangsung sacara sistematis sarta boga cecekelan nu pasti.

Desain panalungtikan mangrupa gambaran ngeunaan raraga panalungtikan. Desain dina rarancang panalungtikan antukna bisa meunangkeun hiji logika. Anapon desain panalungtikan nu dipaké saperti ieu di handap.

Bagan 3.1

Desain Panalungtikan





3.3 Sumber Data jeung Lokasi Panalungtikan

3.3.1 Sumber Data

Numutkeun Lofland jeung Lofland (dina Moleong, 2010, kc. 157), sumber data nu utama dina panalungtikan kualitatif nya éta kekecapan jeung kalakuan, ogé mangrupa data tambahan saperti dokumén jrrd. Jenis datana dibagi jadi kekecapan jeung kalakuan, sumber data tinulis, foto, jeung statistik. Saluyu jeung pamadegan saméméhna, nu dimaksud sumber data dina ieu panalungtikan nya éta sumber informasi nu kalibet langsung dina acara Ruwatan Lembur di Désa Gudang Kahuripan.

3.3.2 Lokasi Panalungtikan

Désa Gudang Kahuripan nya éta salah sahiji désa nu aya di Kecamatan Lembang. Désa Gudang Kahuripan ngawates jeung sababaraha daerah, di antarana belah kaler ngawates jeung Désa Lembang & Jayagiri Kecamatan Lembang, belah kidul ngawates jeung Kodya Bandung Kecamatan Sukasari, belah wétan ngawates jeung Désa Wangun Sari Kecamatan Lembang, belah kulon ngawates jeung Désa Cihideung Kecamatan Parongpong.

Gambar 3.1

Peta Désa Gudang Kahuripan



3.4 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan ngawengku: (1) studi pustaka, (2) observasi, (3) wawancara, (4) dokuméntasi.

1. Studi Pustaka

Téhnik studi pustaka mangrupa cara pikeun nyangking tiori-tiori anu aya patalina jeung panalungtikan, ku cara ngumpulkeun data-data nu mangrupa buku, dokumén, jeung sajabana pikeun pangdeudeul dina nyusun laporan.

2. Obsérvasi

Téhnik obsérvasi dilaksanakeun pikeun niténan objék panalungtikan. Numutkeun Sugiyono (2012, kc. 314) nu jadi objék dina téhnik obsérvasi nya éta:

- a) *Place*, tempat lumangsungna kagiatan interaksi sosial.
- b) *Actor*, palaku nu miboga tujuan nu tangtu.
- c) *Activity*, kagiatan nu dilakukeun ku palaku dina kaayaan sosial nu keur lumangsung.

3. Wawancara

Téhnik wawancara dilakukeun pikeun ngumpulkeun sajumlahing data nu aya di lapangan. Dina ieu panalungtikan wawancara nu digunakeun lain wawancara nu *terstruktur*, hal ieu mangrupa salasahiji cara meunangkeun

Firman Munawar , 2015

**SIMBOL-SIMBOL DINA TRADISI UPACARA RUWATAN LEMBUR DI DESA GUDANG KAHURIPAN
KECAMATAN LEMBANG KABUPATEN PANGAJARAN BAHASAN BUDAYA DI SMA KELAS XI**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

informasi nu leuwih jero jeung nimbulkeun kesan akrab antara panalungtik jeung informan.

4. Dokumentasi

Supaya data nu kapanggih leuwih valid, panalungtik ngadokumentasikeun kagiatan ieu panalungtikan. Salian ti éta hasil tina dokumentasi anu mangrupa foto jeung video, bakal ngarojong kana prosés analisis data sarta ngarojong dina prak-prakan nyusun laporan hasil panalungtikan.

3.5 Instrumen Panalungtikan

Instrumen panalungtikan nya éta alat atawa fasilitas nu digunakeun ku panalungtik dina prosés ngumpulkeun data sangkan panalungtikan leuwih gampang sarta hasilna ogé leuwih hadé, hartina leuwih lengkep jeung sistematis sangkan babari dina ngolahna (Arikunto, 2010, kc. 203).

Anapon instrumen nu dipaké dina ieu panalungtikan di antarana saperti ieu di handap.

- a. Alat rékam, dipaké pikeun ngarékam data nu aya di lapangan ngeunaan objék panalungtikan, nu ditépikéun ku informan sacara lisan.
- b. Kaméra foto, dipaké pikeun ngumpulkeun data nu aya di lapangan sangkan data-data bisa didokumentasikeun.
- c. Kaméra vidéo, dipaké pikeun ngarékam lumangsungna acara ruwatan lembur nu hasilna mangrupa vidéo.
- d. Pedoman wawancara, pikeun cecekelan panalungtik dina lumangsungna wawancara jeung informan, sangkan wawancara bisa lumangsung kalayan lancar. Anapon pedoman wawancara dina ieu panalungtikan nya éta:

Tabél 3.2

Pedoman Wawancara

Firm SIM KEC Univ	1. Data Narasumber	
	• Wasta	:
	• Yuswa	:
	• Atikan	:
	• Pakasaban	:
	2. Daptar Patalékan	
	• Naon maksud tina upacara ruwatan lembur?	
	• Naon tujuan tina ngalaksanakeun upacara ruwatan lembur?	
	• Kumaha sajarahna nepi ka aya upacara ruwatan lembur di ieu kampung?	
	• Iraha upacara ruwatan lembur dilaksanakeun? Naha aya itungan	

3.6 Téhnik Ngolah Data

Téhnik ngolah data mangrupa cara pikeun ngolah data-data nu geus dikumpulkeun ku panalungtik sangkan nagahasilkeun timuan jeung kasimpulan tina panalungtikan anu dilaksanakeun. Ku kituna, sabada bérés ti lapangan, panalungtik mimiti museurkeun panitén pikeun nganalisis data nu geus dikumpulkeun. Anapon léngkah-léngkahna nya éta:

1. Mariksa data-data nu geus dikumpulkeun, sarta nganjing-nganjing data disaluyukeun jeung bagén-bagéna.
2. Nganalisis data.
3. Ngadéskripsikeun data nu geus dianalisis.
4. Ngaimplikasikeun kana bahan pangajaran,
5. Nyusun silabus jeung RPP dumasar KIKD.
6. Nyieun kacindekan tina hasil panalungtikan.